



Oktòb 2024

# Mwa konsyantizasyon sou sibèsekirite Pwoteje tèt ou!

## 1. Pran prekosyon pou imèl pyèj eskwokri (Phishing)

Phishing se lè kriminèl sou entènèt eseye volè enfòmasyon w avèk imèl fo. Yo pran pòz yo se yon lòt moun epi yo vle ou klike sou lyen ki danjere. Si yon imèl sanble etranj, fè atansyon, tcheke ki moun ki voye li epi si imèl yo matche avèk moun yo di yo ye a.

## 2. Itilize otantifikasyon milti-faktè (MFA)

Mete yon kouch pwoteksyon anplis kont pirat lè w konekte avèk MFA. Se tankou yon tèks ki gen yon kòd sekre ki ekspire apre yon sèl itilizasyon.

## 3. Itilize yon mo-pas ki solid oswa yon fraz-pas

Pa itilize menm mo-pas la tout kote! Itilize lèt, chif, ak senbòl.  
Lè mo-pas la pi long, li pi bon, epi li bon tou pou itilize fraz-pas.

## 4. Kenbe lojisyèl ou ajou

Sa diminye risk pou konpitè w enfekte avèk lojisyèl pirat enstale ki ka volè enfòmasyon w epi pwopaje viris nan konpitè w.

## 5. Rete vijilan, rete ansekirite nan medya sosyal!

Lè w pataje enfòmasyon pèsònèl, tankou tout dat nesans ou, adrès lakay ou, oswa kote ou ye a, yo ka itilize yo pou vòl idantite oswa entimidasyon.

## 6. Pwoteje tèt ou - sèvi avèk Wi-Fi ki ansekirite

Rezo piblik pa gen sekirite. Yon moun ka wè sa w ap fè sou entènèt, menm konekte nan imèl ou ak kont labank ou.

## 7. Fè atansyon avèk fwòd ki fèt dapre entelijans atifisyèl (Artificial intelligence, AI)

Sibèsekirite-kriminèl sèvi avèk AI ki byen devlope pou kreye imaj, tèks, vwa ak videyo ki parèt reyèl. Sa fè li pi difisil pou detekte eskrokri ak lòt fwòd. Rete vijilan epi toujou verifye de fwa (pa egzanp: tcheke sous la, gade pou drapo wouj ak AI "artifacts" tankou langaj, vwa ki pa natirèl oswa imaj ki yon ti jan defòme, etc.) avan ou fè nenpòt kominikasyon ou pa t ap tann konfyans.